

## RINGKESAN

**Khintan Kamila, 2019. Efektivitas Ekstrak Tangkal Bidara Upas (*Zizyphus spina-christi* L) Kana Ngendalikeun Bakteri *Staphylococcus aureus*.**

**Dibimbing ku Dr. rer. nat. Ama Rustama, M.Sc., jeung Rifki Survani., S.Pd.,M.Pd.**

*Daun bidara miboga kandungan flavonoid, saponin jeung tannin anu bisa dimangpaatkeun pikeun antibakteri. Hasil panalungtikan anu saacanna miboga kandungan antibakteri anu bisa jang nyegah numbuhna bakteri patogen. Bakteri *Staphylococcus aureus* ieu bisa nyébabkeun rupa-rupa inféksi kulit. Panalungtikan ieu pikeun mikanyaho efektivitas ekstrak daun bidara pikeun ngahambat bakteri *Staphylococcus aureus* anu ngagunakeun metode difusi cakram. Anu dilakukeun saloba 10 perlakuan nyaeta ekstrak daun bidara anu konsentrasina 10%, 20%, 30%, 40%, 50%, 60%, 70%, 80%, tetrasiklin salaku kontrol positif, étanol 96% salaku kontrol anu négatifna, anu dilakukeun salila tilu kali. Hasil panalungtikan ieu nembongkeun ékstrak daun bidara bisa ngahambat numbuhna bakteri *Staphylococcus aureus*, sabab daun bidara miboga kandungan flavonoid, saponin jeung tannin anu guna na pikeun antibakteri, antioksidan jeung antifungi. Diameter zona hambat ekstrak daun bidara dina konsentrasi 10% rata-rata 1,17 cm, konsentrasi 20% rata-rata 1,28 cm, konsentrasi 30% rata-rata 1,24 cm, konsentrasi 40% rata-rata 1,31 cm, konsentrasis 50% rata-rata 1,33 cm, konsentrasi 60% rata-rata 1,37 cm, konsentrasi 70% rata-rata 1,52 cm jeung konsentrasi 80% anu rata-ratana 1,40 cm. Ekstrak daun bidara anu efektif ngahambat numbuhna bakteri *Staphylococcus aureus* nyaeta anu jangkungna 1,52cm jeung anu konsentrasi na 70% jeung anu pangleutikna 1,17 cm dina konsentrasi 10%.*

***Kécap konci*** : *Bakteri *Staphylococcus aureus*, Ekstrak daun bidara, infeksi kulit, kandungan tangkal*